

SPEAK@HOME

AKTIVITE EKSPRESYON ORAL AK KONPREYANSYON
ORAL (PALE AK KOUTE) | #9



Pale ak pitit ou a nan lang matènèl ou (yo) epi pataje kilti ou yo ak eksperyans ou yo ak li ap ede li ranfòse aprantisaj anglè li. Sèvi ak jwèt ak aktivite amizan sa yo nan nenpòt lang pou favorize devlopman langaj yo an jeneral.



Atelye Atizay

1. Jwenn papye ak zouti pou kolorye.
2. Desine sèn nan liv, fim, oswa emisyon televizyon pitit ou a pi renmen.
3. Aprè chak tou, poze kesyon sou sèn yo. Sèvi ak kesyon sa yo pou gide konvèsasyon w lan:
 - Kisa k pase nan sèn nan?
 - Dekri ____ a.
 - Pale m de ____ li a.
 - Kisa ki te pase lè ____?
 - Poukisa karaktè sa a pa t ____?
 - Kisa ki te etonan konsènan ____?

Egzanp:

*Poukisa karaktè sa a pa t ale nan magazen an?
Yo t ap ale nan magazen an, men yo te ale nan pak la pito.*



Jwe Komedi

1. Chwazi yon senaryo fiktif nan lis sa a:
 - rankontre yon ekstratèrès
 - lavi yon sirèn
 - dekouvri ou gen pouvwa
 - genyen Koup di mond lan
 - lavi tankou karaktè ou pi renmen nan liv ou a
 - monte yon dragon
2. Fè yon jwèt jwe wòl la.
3. Lòt jwèt yo ta dwe, lè tou pa l, devine senaryo fiktif la nan sèvi avèk fraz konplè.

Egzanp:

*Pale m de veso spasyal la.
Eksplike enpòtans reyon lazè a.
Konbyen tan ou genyen depi w ap eksplòre galaksi a?
Èske ekstratèrès la te ale nan vilaj la?*



Laboratwa Pratik Koute

Li byen fò oswa rakonte yon istwa. Ou bezwen yon lide istwa? Chwazi youn nan sa yo:

- yon evènman enpòtan nan lavi ou
- yon fwa yon bagay ou pa t atann te rive
- yon defi ou leve
- yon desizyon enpòtan ou te oblije pran
- moun ki pi enteresan ou konnen an
- yon vwayaj ou te fè nan yon kote ki enteresan

Epi poze kesyon ki nan lis anba a:

- Dekri ____.
- Eksplike enpòtans ____.
- Pikisa ou te/ ou pa t ____?
- Kisa ki te etone m konsènan ____?
- Kisa ou te fè aprè?

Ankouraje pitit ou a reponn ak fraz konplè.

Egzanp:

Ki sa ki te etone m nan inivèsite? Menmsi se te gen anpil travay, li te amizan anpil.

SPEAK@HOME

AKTIVITE EKSPRESYON ORAL AK KONPREYANSYON
ORAL (PALE AK KOUTE) | #9



Pale

Planifye pou manje ak pitit ou a. Travay ansanm pou nou chwazi yon resèt epi fè yon lis engredyan w ap bezwen. Aprè sa a, fè manje a ansanm epi manje l ak fanmi ou. Sèvi ak kesyon ki anba yo pou gide konvèsasyon w lan:

- Pale m de manje prefere ou.
- Konbyen _____ ki _____?
- Ki kantite sèl nou bezwen?
- Ki sa nou ka itilize pou nou ajoute plis gou?

Ankouraje pitit ou a reponn ak fraz konplè.

Egzanp:

Ki kantite farin nou bezwen? Nou bezwen de tas farin.



Kesyon 21

Chwazi yon jwè pou ou Kòmanse. Jwè sa a ap chwazi yon objè an silans. Lèt jwè yo, tou a tou, ap poze kesyon pou jwenn yon endis sou objè mistè a. Jwè yo ka poze jiska yon total 21 kesyon anvan pou yo devine.

Men kèk kesyon ou ka itilize pou rasanble endis:

- Nan ki pwen objè sa lou?
- Èske objè a di oswa mou?
- Kisa k ap rive objè a si _____?
- Ki diferans ki genyen nan objè a konpare ak _____?
- Ki koulè objè a?

Egzanp:

Ki diferans ki genyen nan objè a konpare ak yon pye bwa? Yon pye bwa gen fèy, objè sa a pa genyen.



Kabin Foto

Fè foto manm fanmi yo pandan y ap fè aktivite chak jou yo, tankou kwit manje oswa prepare pou lekòl. Lè sa a, sèvi ak foto yo pou pale de sa chak manm fanmi an ap fè. Sèvi ak kesyon sa yo pou gide konvèsasyon w lan:

- Kisa k ap pase la?
- De kisa w ka pale m ankò konsènan _____.
- Kisa ou panse _____ ap fè?
- Esplike poukisa ou panse _____ se _____?
- Poukisa _____?

Ankouraje pitit ou a reponn ak fraz konplè.

Egzanp:

Kisa ou panse sè w la ap fè? Sè m nan ap mete pijama sou li pou li ka ale kouche.



Bouje

Eksplòre yon jaden oswa yon pak lokal ak pitit ou a. Pale de sa ou wè nan peyizaj la. Sèvi ak kesyon sa yo ki anba a pou gide konvèsasyon w lan:

- Dekri plant yo.
- Ki sa ki lakòz ewozyon tè a nan zòn sa a?
- Kisa ki pase lè nou retire move zèb yo?
- Eksplike poukisa ou panse zwazo a fè nich li la.
- Ki sa ki etone nan ti kouran dlo a?
- Konbyen ekirèy ki nan pye bwa yo?

Ankouraje li reponn ak fraz konplè.

Egzanp:

Kisa k ap rive chemen an si lapli tonbe? Si lapli tonbe, chemen an ap gen labou.